Pou Piblikasyon Imedya: 22/01/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TRAVAY KI FINI NAN KAD PWOJÈ POU AMELYORE REZISTANS AK MOBILITE OTOU PON KLE YO NAN LONG ISLAND

Nouvo Pon Hospital Road la konstwi sou Sunrise Highway ak sis lòt pon renove nan Konte Suffolk

Pwojè yo preprezante yon envestisman 48.2 milyon dola nan enfrastrikti transpò

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke travay yo te fini nan yon seri pwojè ki amelyore sekirite, amelyore sikilasyon ak ranfòse rezistans plizyè pon kle nan Long Island. Pwojè yo, ki reprezante yon envestisman 48.2 milyon dola nan enfrastrikti transpò Rejyon an, gen ladan konstriksyon yon nouvo pon ki relye Hospital Road sou Sunrise Highway (State Route 27) nan Vil Brookhaven, amenajman tabliye sou senk pon Long Island Expressway ak reyabilitasyon nan pon Sunrise Highway la sou Hubbards Path nan Vil Babylon. Travay sou pwojè yo te dirije pa Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) la.

"Soti nan pave twou yo rive nan bati pon, mwen angaje pou repare enfrastrikti transpò Long Island lan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè pon sa yo pral amelyore wout ki enpòtan anpil nan Long Island epi yo pral ede asire enfrastrikti nou an bati pou dire."

Nouvo Pont Hospital Road la sou Sunrise Highway la te ranplase yon estrikti ki te bati an 1959 epi ki te sèvi apeprè 12,000 veyikil pa jou ak yon espas modèn ki gen yon liy vwayaj adisyonèl pou fasilite konjesyon; ak nouvo twotwa ak akotman ki mezire 12 pye lajè pou akomode sikilasyon bisiklèt ak pyeton. Hospital Road bay aksè enpòtan ak Lopital Kominotè Long Island lan ki tou pre ansanm ak anpil lòt founisè swen sante, biznis ak devlopman rezidansyèl yo. Travay sou pwojè a te kòmanse nan prentan 2022 epi li te enkli itilizasyon plis pase 28,000 pye lineyè pote an asye, plis pase 368,000 liv pout amati an asye ak plis pase 1,400 tòn beton. Nouvo pon an genyen tou yon fasad an wòch ki konfòm avèk lòt pon otowout Long Island yo.

Anplis de sa, yo te rekonstwi entèseksyon Hospital Road ak alafwa Wout Sèvis Nò ak Sid yo pou ajoute liy deviyasyon, pasaj pou pyeton yo, ak siyal sikilasyon ki fèt ak kontè pou pyeton yo pou yo konfòm ak Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA) Pwojè a se yon antrepriz konjwen ant Vil Brookhaven, ki te

konsevwa pasaj siperyè a, ak Depatman Transpò Eta a, ki te sipèvize ak jere konstriksyon an.

Sis pon yo te sibi renouvèlman beton ak amelyorasyon estriktirèl pou pwoteje yo kont move tan ak amelyore kondisyon kondwi pou plizyè milye veyikil pasaje ak kamyon pwa lou k ap vwayaje pon sa yo chak jou.

Yo te renove pon beton sou senk pon ki konekte Long Island Expressway (Interstate 495) sou wout lokal yo. Nan chak pon, yo te retire premye kouch beton an epi ranplase yo ak betwon ki gwo pèfòmans pou diminye antretyen regilye ak pwolonje dire lavi sèvis yo a de deseni. Pwojè a te itilize 210,000 liv nouvo poto an asye ak plis pase 2000 tòn beton. Li te gen ladann pon sa yo:

- Trave nan direksyon lès ak direksyon lwès sou Blue Point Road, Vil Brookhaven;
- Trave nan direksyon lwès sou Holbrook Road, Vil Brookhaven;
- Trave nan direksyon lès ak direksyon lwès sou Round Swamp Road, Vil Huntington.

Epitou, pon Sunrise Highway sou Hubbards Path nan vil Babilòn lan te sibi yon reyabilitasyon konplè ak anpil eleman estriktirèl yo te retire epi ranplase ak 210,000 liv nouvo poto an asye ak plis pase 2000 tòn beton, ki te benefisye kay, lekòl, pak, ak biznis lokal yo nan zòn nan.

Konstriksyon nan sis kote sa yo te fèt an plizyè etap dèyè baryè beton yo pou pèmèt travay yo kontinye san danje pou travayè otowout yo epi yo pral minimize entèripsyon sikilasyon yo.

Travay nan tout sèt pon yo te ede kreye plis pase 600 djòb pou ranfòse ekonomi lokal la.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Mwen te travay di pou m adopte lwa sou Enfrastrikti & Travay Blateral la pou amelyore wout ak pon ki aje yo nan Long Island ak odela. Nouvo reparasyon tabliye Pont Hospital Road la ak pon LIE yo vle di vwayaj ki pi an sekirite, pi fasil pou anpil otomobilis, siklis ak pyeton nan Long Island, epi mwen pral kontinye goumen pou ogmante finansman transpò nan rejyon an."

Komisè Depatman Transpò a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Gras a angajman Gouvènè Hochul pran pou l envesti nan enfrastrikti transpò nou an, DOT Eta New York kontinye reyalize pwojè transfòmasyon pou Nouyòkè yo. Envestisman estratejik tankou pwojè pon sa yo nan Long Island pral ede konekte kominote yo epi fè rezo transpò nou an pi rezistan pandan n ap konfwonte enpak chanjman klimatik ak move tan yo ki toujou prezan."

Egzekitif Konte Suffolk la, Ed Romaine, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul ak reprezantan eta nou yo paske yo respekte angajman yo pran pou amelyore

enfrastrikti lokal nou an. Pwojè sa yo te adrese pwoblèm alontèm ki te lakòz pwoblèm sekirite piblik ak kalite lavi pandan plizyè ane. Nou apresye tou travay di tout gason ak fanm ki te pase plizyè milye èdtan nan gwo pwojè sa yo. Finisman inisyativ sa yo make yon gwo etap pou kominote nou yo."

Senatè Eta a, Dean Murray te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak NYSDOT pou angajman yo pran pou yo rive fini, pwojè ki nesesè anpil epi ke yo t ap tann depi lontan pou repare ak amelyore pon Hospital Road la, ansanm ak plizyè lòt pwojè reparasyon pon yo. Nou dwe kontinye fè envèstisman ki nesesè yo pou asire ke enfrastrikti nou an san danje epi solid sou plan estriktirèl pou tout otomobilis yo."

Senatè Eta a, Mario Mattera, te deklare, "Pwojè sa yo pral ede amelyore rezo transpò nou an epi asire sekirite ak rezistans pon vital sa yo pou kominote nou an pou ane k ap vini yo. Yo pral bay rezidan yo ak vizitè yo yon vwayaj lis epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li fè envestisman enpòtan sa a nan enfrastrikti nou an. Mwen vle eksprime gratitid mwen tou pou gason ak fanm ki travay di epi ki gen konpetans ki se filye Konsèy Metye Batiman & Konstriksyon nan Konte Nassau & Suffolk pou efò devwe yo sou pwojè sa yo ak anpil lòt pwojè ki amelyore rejyon nou an pou tout moun."

Manm Asanble Joseph DeStefano, te deklare, "Yon milyon mèsi pou Gouvènè Hochul, DOT, ak tout travayè ki enplike nan acheve pwojè enpòtan sa yo alè ak nan bidjè a. Mwen patikilyèman enpresyone pa nouvo Pon Hospital Road la, ki te konswti byen vit ak yon ti kras entèripsyon nan sikilasyon an pou yon pwojè nan anplè sa a."

Manm Asanble, Michael Durso te deklare, "Mwen fyè pou m wè amelyorasyon enfrastrikti enpòtan sa a nan Vil Babylon. Kenbe rezidan yo an sekirite ta dwe toujou pi gwo priyorite nou epi mwen remèsye patnè mwen yo nan gouvènman an paske yo travay ansanm pou fè sa rive."

Manm Asanble Doug Smith te deklare, "Mwen kontan anpil pou m anonse finisman avèk siksè pwojè enfrastrikti ki vo 48.2 milyon dola nan Long Island, pou amelyore sekirite ak rezistans. Inisyativ sa yo siyifi angajman nou pou yon rezo transpò solid ak efikas, ki asire byennèt kominote nou an pou ane k ap vini yo."

Sipèvizè Vil Babylon Rich Schaffer te deklare, "Mwen vle eksprime apresyasyon sensè mwen bay Gouvènè Kathy Hochul pou envestisman enpòtan li fè nan enfrastrikti transpò Vil Babylon lan. Finisman pwojè sa yo, ki gen ladan reyabilitasyon pon Sunrise Highway sou Hubbards Path, te amelyore anpil sekirite, amelyore sikilasyon, epi ranfòse rezistans pon kle nou yo. Itilizasyon nouvo poto an asye ak beton nan pwojè sa yo pral asire rezistans yo ak lonjevite yo, sa k ap benefisye kominote nou an pou plizyè deseni k ap vini yo."

Sipèvizè Vil Huntington lan, Ed Smyth, te deklare, "Sekirite ak efikasite wout ak pon Long Island yo se yon pwoblèm kalite lavi enpòtan pou tout moun ki vwayaje sou wout nou yo. Envestisman plizyè milyon dola Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò Eta a te fè pou amelyorasyon sa yo enpòtan anpil pou repare enfrastrikti ki twòp chaje nan

Long Island lan. Nou remèsye yo pou sipò kontinyèl yo. Li bon pou w wè dola taks Long Island yo ap depanse nan Long Island. Mwen espere ke pwojè Round Swamp Road la se jis kòmansman angajman fiskal Eta pou enfrastrikti nan zòn nou an."

Nou ankouraje otomobilis yo pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan tout zòn travay la. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Swiv NYSDOT sou X, anvan li te rele Twitter, nan @NYSDOT ak @NYSDOTLI. Jwenn nou sou Facebook nan Facebook.com/NYSDOT.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU